*Ассаламу гІалайкум!*

gazetavpered@list.ru

# ЦЕРЕХУН

ХЬАРГАБИ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА «ВПЕРЕД»

№ 8 (6837) * 23 ФЕВРАЛЬ 2026 с. * ПОНЕДЕЛЬНИК * 5 РАМАЗАН 1447 с. *

## Россиялъул халкъал цолъиялъул соналде

**16 февралалда районалъул централъул Манаща Дибировалъул цІаралда бугеб маданияталъул кІалгІаялда, Россиялъул халкъал цолъиялъул сон кІодо гьабиялъул тадбир рагьиялде ракІарун рукІанина абизе бегьула тІолабго районалъул росабазул, гІуцІабазул вакилзаби.**




Гьениб гІахьаллъи гьабуна: районалъул бетІер М.ТІагьировас, гьесул заместителал М.МухІамадовас ва А. Маликовас, Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Ж.Нажмудиновас, районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Ш. Шахбандибировас, Россиялъул бахІарчи М. Гьиматовас, Олимпиадаялъул чемпион А. Тажудиновас, машгьурав гугарухъан Ш. Шариповас, хасаб рагъулаб операциялда гІахьаллъи гьабулел районцояз, Республикаялъул «ВатІан» кьурдул ансамблялъул нухмалъулев ГІ. МухІамадовас, районалъул росабазул нухмалъулез ва вакилзабаз, учреждениязулгун организациязул нухмалъулез ва хІалтІухъабаз. Культурияб кІалгІаялда гІодор чІезе бакІ хутІун букІинчІилан абуниги мекъи ккеларо.



Тадбир байбихьана Россиялъул ва Дагъистаналъул гимн бачун киналго гІахьаллъи гьабулел эхетун чІеялдасан.

Тадбир рагьун Россиялъул халкъал цолъиялъул сон баркун кІалъай гьабуна районалъул бетІер М.ТІагьировас, Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Ж. Нажмудиновас,

*ахир 2-аб. гьурмада*



## БАРКУЛА ВатІан цІунулезул къо




**ГІадатлъун лъугьухъе, щибаб соналъул 23 февралалда Россиялъул гІемермиллатазулаб халкъалъ ва бахІарчиял яргъилал къуватаз кІодо гьабула ВатІан цІунулезул къо. Бищунго хІурматиял байрамазул цояблъун ккола гьеб.**

ВатІан цІунулезул къоялъ нилъер халкъалъ кІодо гьарула пачалихъалда цере Россиялъул солдатазул чІахІиял гьунарал. Нилъер солдатаз бахІарчилъи бихьизабуна КІудияб ВатІанияб рагъда, гьелда цересел рагъазда.

БахІарчиял умумузул мустахІикъал ирсилаллъунги рукІун, улкаялъул яргъилал къуватазул хІурматияб байрахъ борхатго ккун буго жакъа Россиялъул армиялъ. Гьелъ жиндирго хІурматияб борчлъун рикІкІунеб буго Россиялъул гІадатазул эркенлъи ва хІинкъи гьечІолъи ясбергІадин цІуни. Гьеб армиялда мустахІикъаб къагІидаялда рагъулаб хъулухъ гьабулеб буго нилъер районалъул васазги. Хасго рехсей гьабизе бокьун буго жакъа къоялде хасаб рагъулаб операция тІобитІулаго бахІарчилъи, бихьинчилъи бихьизабулел ругел нилъер гІолохъабазул.

РакІ-ракІалъ баркула гьабсагІаталда рагъулаб хъулухъ тІубалел ругел гІолохъабазда, мустахІикъаб хІалхьиялда ругел ветераназда Венгриялда, Чехословакиялда, Афгъанистаналда, Таджикистаналда, Чачан республикаялда рагъулал тунка – гІусиязда гІахьаллъаразда, Чернобылалъул авариялъул зарал лъугІизабиялда хІалтІаразда ВатІан цІунулезул къо.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, ракълилаб ва талихІаб гІумру. Биччанте кидаго щивасда тІад букІине гвангъараб бакъ, роцІараб зоб.

Камугеги щивасул къайи – свериялда лъималазул рохалилаб релъи.

**М. ТІАГЬИРОВ,**
**«Хьаргаби район» муниципалияб районалъул бетІер**

# Российялъул халкъал цолъиялъул соналде



*Байбихьи 1-аб. гъум.*











Российялъул бахIарчи М. Гъиматовас, районалъул херазул советалъул председатель А. Шариповас, Республикаялъул «ВатIан» кьурдул ансамблялъул нухмалъулев ГI. МухIамадгIалиевас ва гьединго цогидазги.

Гьениб олимпиадаялъул хIаялъул чемпион А.Тажудиновасе ва Ш. Шариповасе кьуна къиматал сайгъатал, ва гьезул тренерасе Ш.ГIумаровасе кьуна районалъул хIурматияв гражданин абураб цIар.

Концерталъул байбихьи лъуна ГI. МухIамадовичас лъураб цIияб кьурди «Парящие орлы» цIар лъураб, «Хьаргаби» халкъияб кьурдул ансамблиялъ бихьизе гьабиялдалъул. Гьеб кьурдуца кIудияб асар гьабуна ралагьаразе.

Культурияб программаялда гIахьаллъи гьабуна гIемерал кIучIухъабаз батIиял районаздаса рачIарал.

Тадбиралде рачIун рукIана хасаб рагъул операциялъул гIахьалчагIи: Северияб Кавказалъул «Российялъул ветеранал» общественияб гIуцIиялъул председатель И.МухIамадов, Дагъистан Республикаялъул Общественияб гIуцIиялъул нух малъулев ГI.ГIисаев, Российялъул Юстициялъул министерствоялъул коррупциялде данде рагъ гьабиялъул комитеталъул нух малъулев У.Булатханов, Дагъистан Республикаялъул рагъухъаби-интернационалистазул общественный гIуцIиялъул нух малъулезул заместитель Ш.МухIамадов, Российялъул Федерациялъул Юстициялъул Министерствоялъул коррупциялде данде рагъ гьабиялъул коммитеталъул нух малъулесул гIакълочи М.Абумуслимов.

Гьез медалал кьуна хасаб рагъул операциялде кумек гьабурал лъималазул творчествоялъул нухмалъулей П.ГIажидадаевалъе, ва гьезул хIалтIухъан А. Гъазиевалъе. Ва гьединго Хьаргаби №1 школалъул директор М.МухIамадовасе, ва школалъул хIалтIухъан Ш.МухIамадовасе хасаб рагъул операциялда кумек гьабуралъухъ. Хьаргаби кьурдул ансамблиялъул хIалтIухъабазеги кьуна медалал Луганск областалде концертгун рачIаралъухъ. Гьел гьенире кIиго нухалда концертгун щун рукIана.

Балагьизе рачIарал, гIахьаллъарал цIакъ разиго хутIана тадбиралдаса.

# Дунялалъул рокъоб гьабуралъ ахираталда роххаги



Хьаргаби районалъул гуребги Дагъистаналъулго исламияб тарихалде гьоркьобе унеблъун ккана, гьаб соналъул Рамазан моцӀ байбихьилалде Хьаргаби районалъул ХӀасан Афандил цӀаралда бугеб мадрасалда аскӀоб, хӀафизазул школалъул минаялъе кьучӀ лъей.

Исана соналъул сентябралде, 200 гӀолилал жанир цӀализе рес бугеб кӀитӀалаяб школа бан лъугӀизабизе чӀахӀиял хъулалгун байбихьун буго кӀудияб хӀалтӀи. Республикаялъул архитектораз ва специалистаз хӀадурараб школа баялъул проекталда хӀисабалде босун буго рукӀинисел хӀафизазе, Къуръан цӀализе ва лъазабизе квербакъиялъе кколел киналниги шартӀал чӀезаризе. Жанирго рукӀине руго классал, регизе рукъзал ва санузлаби.

Мекъи ккеларо, школа базе бакӀалъул хӀисаб гьабулаго, Аллагьасго киналниги рахӀматал жанир хьараб Хьаргаби район тӀаса бищиялъе гӀилла якъинаб букӀанилан абуни. Гьелде тӀадеги, кутакалдасан санагӀалъи бугеб, чанго районалде унеб нух жанисан кколеб Хьаргаби росу бищунго лъикӀаб бакӀлъун рикӀкӀана тӀад ругел идарабаз.

«Балеб бугеб школалъул учредитель ккола Дагъистан республикаялъул Муфтият. Гьеб базе тӀаде босарав спонсорги гьечӀо жакъа къоялде. Амма росдаеги, хӀатта тӀолабго Дагъистаналъеги баркат щвезе ниятгун гьабизе байбихьараб хӀалтӀи жамагӀатазул рахъалдасанги квербакъи бугеблъун букӀинилан хьул буго» ян бицана мадрасалъул нухмалъулев И.ИнхухӀажиевас ва росдал дибир ГӀ.ГӀумархӀажиевас.

ЦӀараб заманаялде школа бан лъугӀизе, хӀалтӀаби гьоркьоса къотӀичӀого гьаризе ракӀалда буго. РукӀина хасал махщел чагӀаз гьаризе кколел ва гӀадатиял гӀадамазухъа бажарулелги хӀалтӀаби. Гьабизе ирга щвараб хӀалтӀаби росабазул дибирзабаз баян гьаризе ракӀалда буго. Гьединаб хӀалтӀуе кумекалъе рачӀаразул жидеего абадияб рокъобе пайдаялъе батаги гьабураб квербагъари.

Къабул гьабилаан жамагӀаталъул гӀарцул рахъалдасан кверчӀвайги. ХӀисаб гьабизе бигьалъиялъе, рикӀкӀине буго, мисалалъе бетон тӀураб бакӀалъул квадраталъухъ араб харж. Цо къадар хӀалтӀабазул тӀаде босарав чиясе, сертификат кьезе ракӀалда буго. Гьедин садакъа кьолев чияс жиндицаго хӀисаб гьабизе бегьула жиндихъа тӀаде босун бажарулеб хӀалтӀул къадар.

РачӀарал гӀарцазул ва ккарал харжазул кьварараб хӀисаб – суал букӀине буго. ЦӀех – рех гьабун щив вачӀаниги , якъинаб хъвай-хъвагӀай цебе босулеб хӀалалъ.

Балъгояб жо гуро, гӀадатияб мина балаго гӀадинал харжал гьанир ине рес гьечӀо. Гьадинал объектазул Госстандартазда рекъон разе ккани, харжал батӀиял рукӀуна. ГӀ. ГӀумархӀажиевас тӀадчӀей гьабун абуна, унго – унгоги садакъа щолеб бакӀ бугилан гьаб, базе байбихьараб школа.

«Нияталда гьанибе кьуралъ ахираталда гьев чи вохула» - ян тӀаде жубана гьес.

Якъинаб жо буго гьанир цӀаланщинал хӀафизал рахъине рес гьечӀеблъи. Аслияблъун гьаниб буго диналъул аслаби малъи.

РакӀалда бугеб хӀалалъ, лъикӀаб лъай кьолеб школа гьаниб бугони, гьелъул кӀудияб даража букӀине буго. Нилъ руго исламияб дин цебе ккураб пачалихъалда. ГӀумруялда гьаниб щвараб лъай цӀакъ хӀажатаб букӀине буго. Мисалалъе абуни, росдал мадрасалда диплом кодоб гьечӀев чи хӀалтӀизе изну гьечӀо. ГьединлъидаЛ хӀафизазул школалда лъай щварал гӀолилал специалистал хӀисабалда цӀакъ хӀажатал руго.

Хадубги, мухӀканлъи гьабуна школалда лъай кьеялъул ва цойгиги чара гьечӀел шартӀазул. ХӀафизазул школалде къабул гьарула 5 класс лъугӀарал гӀумруялъул ригьалда ругел васал. Аслияб гӀилла буго, лъимада бажарулеб букӀин жиндаго хадуб хал ккезе, жиндиего рацӀа – ракъалъи гьабизе, бакӀ бакӀаризе.

ХӀафизазул школалда, тӀоцебесеб иргаялда, светскияб лъай цебе ккола. ГӀолилазе кьола гӀадатияб школалъул программаялда рекъон лъай, цинги гьелда тӀаде исламияб гӀелму. ЦӀалул чӀезабураб заман буго лъабго сон.

Аллагьас баракат лъеги, квербакъи гьабеги байбихьараб хӀалтӀуе. Гьениб квералъ, кӀалалъ ва гӀарцудалъун гьабураб гӀахьаллъи азариде бахине гьабун кирилъун хъваги киназего. ЦӀалараб Къуръан, гьабураб лъикӀаб гӀамал – тӀабигӀаталъул даража - кири киназего щваги.

Х.ШАМСУДИНОВА.



# МархӀаба, шагьру рамазан

**МархӀаба, мун лъикӀ бачӀараб ЛъикӀлъаби цӀакъ гӀемераб моцӀ, ЦӀилъараблъун батаги мун Умматалъе, рохалие.**

*СагӀид афанди*

ТӀаде щвараб рамазан моцӀалъул хӀурмат гьабун тавбу гьабе, лъикӀаб гӀамал цӀикӀкӀинабе, ва мунагьаздаса цӀунун вукӀа. Хасго къваригӀел гьечӀеб калам гьабуге.

Гьале исанаги тӀаде щвана баракат гӀемераб Аллагьас хира гьабураб Рамазан моцӀ.

Рамазан моцӀ ккола лъагӀалил моцӀазул бищун хирияб моцӀ. Гьелда жаниб буго азарго моцӀалдаса лъикӀаб Лайлатул къадралъул сордоги.

Аллагьасе буго рецц исанаги гьаб рахӀматалъул моцӀ бачӀинегӀан нилъ чӀаго тарав. ТӀадегӀанас тавпикъ кьеги нилъее гьаб моцӀ Аллагь Авараг разияб тӀагӀат - гӀибадаталда тӀобитӀизе.

Аллагьасул тавпикъ букӀуна битӀараб ниятalда кӀвахӀ тун жигар бахъулезе.

## Щиб гьабилеб?

КӀал кквеялъулъ камилаб пайда щвезе ккани:

I. Рамазан моцӀ бачӀарабго цере арал мунагьаздаса тавбуги гьабун кӀал ккевезе къасд гьабила.

2. Радакь вахъиналда тӀадчӀей гьабила.

3. Заман щварабго кӀал биччала.

4. КӀал ккве чӀеб мехалъ кваналеб букӀаралдаса кваналеб квен дагьлъизабила. Нусабго лагаялъул мунагьаздаса цӀунун чӀезе жигар бахъила. ЛъикӀаб гӀамал цӀикӀкӀинабила, садакъа-хайрат гӀемер гьабила, таравихӀазда тӀадчӀей гьабила.

Радакь тагьажуд теларо, кӀванагӀан цӀикӀкӀун тасбихӀалъул какал рала, Аварагасде свалат битӀи гӀемер гьабила.

## Радакье рахъинчӀого чӀоге...

**«Нужеца радакь рахъун жо кванай, гьекъе, гьеб къоялъ кӀал ккевезе бигьалъизе ва ахираталда баракат, кири цӀикӀкӀун щвезе».** (ХӀадис)

Радакь рахъин ккола Аварагасги гьабеян абулеб букӀараб, жиндалъун кириги щолеб, кӀал ккевеялъе жиндалъун бигьалъиги бугеб хасаб гӀибадат.

Къаси кватӀизегӀанги чӀун, гӀемер кванан кьижи буго кӀудияб чӀобого хутӀи. Воре нуж ракъун гьечӀилан яги кӀвахӀаллъун радакь рахъинчӀого чӀоге. КӀудияб кири щвезе рес буго суннат цӀунун, радакьги рахъани, кӀиго ракагӀатги тагьажудалъул какги бани, салаватги битӀани, хасго салаватул фатихӀа.

## КӀал биччаялъул дугӀа

КӀал биччалеб заман ккола Аллагьас дугӀа къабул гьабулеб заман. Гьединлъидал суннатаб буго кӀал биччалалде цебе гьаб дугӀа цӀализе.

МАГӀНА: **Я дир Аллагь, дица Дуе гӀоло кӀал ккуна, Дуде иманги лъуна, дунги Дуе мутӀигӀав вуго ва таваккалги Дуде буго, Дур ризкъиялдалъун кӀалги биччалеб буго, кьечги хьвана, чехьги гӀорцӀана, кириги щвела иншааллагь. Я цӀакъ мунагьал чурулев Аллагь, дир мунагьал чуре. Аллагьасе буго щибаб рецц, дие кӀал ккевезе кумек гьабурав ва кӀал биччазе ризкъи кьурав. Дуца дие кумек гьабе кӀал ккевезеги, радакь тӀаде вахъинеги, берал ва мацӀ мунагьаздаса цӀунизеги ва нижги сах-саламатго Алжаналде ритӀе, Аллагь.**

СЕЛЬСКОЕ СОБРАНИЕ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «СЕЛО МААЛИ»

## Р Е Ш Е Н И Е

*от «29» января 2026 год* *№ 01-05/03*

# О СЕЛЬСКОМ БЮДЖЕТЕ НА 2026 ГОД И ПЛАНОВЫЙ ПЕРИОД 2027 - 2028 годы

1. Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2026 год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 6248,2 тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме 6248,2 тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 5927,2 тыс.рублей согласно приложению 1 к настоящему Решению;

2)общий объем расходов сельского бюджета в сумме 6248,2 тыс. рублей;

**Распределение доходов бюджета на 2026 по кодам экономической классификации**

| Код бюджет. классиф . РФ | Наименование доходов | Сумма(тыс.рубл) |
|---|---|---|
| 00010000000000000000 | Доходы | 321,0 |
| 18210102000010000110 | Налог на доходы физических лиц | 202,0 |
| 00010601030100000110 | Налог на имущество физических лиц | 29,0 |
| 00010606013100000110 | Земельный налог | 90,0 |
| 00020000000000000000 | Безвозмездные поступления | 5927,2 |
| 00120201001100000151 | Дотации бюджетам | 5700,00 |
| 00120203015100000151 | ВУС | 227,2 |
| | **ВСЕГО** | **6248,2** |

**Распределение расходов бюджета на 2026 по кодам экономической классификации**

| Наименование показателя | РЗ | ПР | ЦС | ВР | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | | 6 |
| Глава муниципального образования | 01 | 02 | 999002001С | 121 | 806400 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 01 | 02 | 999002001С | 129 | 243532 |
| Центральный аппарат | 01 | 04 | 999002003С | 121 | 1587700 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 01 | 04 | 999002003С | 129 | 479485 |
| Услуги связи | 01 | 04 | 999002003С | 242 | 24000 |
| Прочие работы, услуги | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 60000 |
| Прочая закупка товаров работ и услуг | 01 | 04 | 999002003С | 244 | 120993 |
| Коммунальные услуги | 01 | 04 | 999002003С | 247 | 120000 |
| ВУС | 02 | 03 | 2640151180 | 121 | 155150 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 02 | 03 | 2640151180 | 129 | 46850 |
| Увеличение стоимости МЗ | 02 | 03 | 2640151180 | 244 | 25200 |
| Мероприятия по противопож. обустройству территории мо прилегающей к лесному массиву | 03 | 09 | 9940024040 | 244 | 100000 |
| Дорожный фонд | 04 | 09 | 1530020760 | 244 | 543000 |
| Коммунальное хозяйство | 05 | 02 | 9940023510 | 244 | 230000 |
| Благоустройство | 05 | 03 | 994002601Л | 244 | 267000 |
| Уличное освещение | 05 | 03 | 994002601Л | 247 | 200000 |
| Содержание мест захоронений | 05 | 03 | 994002604Л | 244 | 46943 |
| СДК | 08 | 01 | 991002440Д | 111 | 661992 |
| Начисление на выплаты по оплате труда | 08 | 01 | 991002440Д | 119 | 199922 |
| Доплата к пенсии | 10 | 01 | 994003491Э | 312 | 230033 |
| Физкультура и спорт | 11 | 01 | 994002512Б | 244 | 100000 |
| **ИТОГО:** | | | | | **6248200** |

**Глава МО «село Маали»** **АХМЕДОВ М.М.**

РЕСПУБЛИКА ДАГЕСТАН
СОБРАНИЕ ДЕПУТАТОВ АДМИНИСТРАЦИИ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ «сельсовет Могохский»

## Р Е Ш Е Н И Е

*«15» января 2026г.* *№01*

# О СЕЛЬСКОМ БЮДЖЕТЕ НА 2026 ГОД

Утвердить основные характеристики сельского бюджета на 2026год, определенные исходя из прогнозируемого объема в размере 3372,2 тыс. рублей:

1) прогнозируемый общий объем доходов сельского бюджета в сумме 2884,1 тыс. рублей, в том числе безвозмездные поступления от других бюджетов бюджетной системы Российской Федерации в сумме 227,2 тыс. рублей согласно приложения №1 к настоящему Решению;

2) общий объем расходов сельского бюджета в сумме 3372,2 тыс. рублей;

2.Утвердить в пределах общего объема расходов, распределение бюджетных ассигнований по разделам и подразделам, целевым статьям и видам расходов на 2026 год согласно приложения №2 к настоящему Решению.

**Председатель сельского Собрания**
**Джамалудинов М.А.**

*Приложение №1*

**Распределение доходов бюджета на 2026 год по кодам экономической классификации**

| Код главы | Код бюджетной классификации | Наименование доходов | Сумма (тыс. руб.) |
|---|---|---|---|
| 000 | 10000000000000000 | Доходы | 345,0 |
| 182 | 10102000010000110 | Налог на доходы физических лиц | 55,0 |
| 182 | 10601030100000110 | Налог на имущество физических лиц | 94,0 |
| 182 | 10606013100000110 | Земельный налог | 60,0 |
| 001 | 0412990094000М120 | Прочий доход от аренды земли | 136,0 |
| 001 | 20201001100000150 | Дотация бюджетам поселений | 2800,0 |
| 001 | 20230024100000150 | Переданные полномочия | 0 |
| 001 | 20235118100000150 | Субвенции бюджетам сельских поселений | 227,2 |
| **Всего:** | | | **3372,2** |

*Приложение №2*

**Бюджетная роспись на 2026 год**

| Документ | Глава | Разд. Подразд. | Цел. статья | Вид расх. | Сумма |
|---|---|---|---|---|---|
| Глава МО | 001 | 0102 | 999002001С | 121 | 700,6 |
| | 001 | 0102 | 999002001С | 129 | 211,6 |
| Центральный аппарат | 001 | 0104 | 999002003С | 121 | 1146,9 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 129 | 346,4 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 226 | 77,2 |
| | 001 | 0104 | 999002003С | 851 | 0 |
| Ж.К.Х. прочие услуги | 001 | 0503 | 994002601Л | 247 | 80,0 |
| ВУС | 001 | 0203 | 9980051180 | 121 | 156,2 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 129 | 45,8 |
| | 001 | 0203 | 9980051180 | 244 | 25,2 |
| Сельский дом культуры | 001 | 0801 | 991002440Д | 111 | 447,3 |
| | 001 | 0801 | 991002440Д | 119 | 135,1 |
| **Всего** | | | | | **3372,2** |

**Глава МО «сельсовет Могохский»** **ИСМАИЛОВ Д.К.**

# О Б Ъ Я В Л Е Н И Е

**В военном комиссариате Левашинского и Гергебильского муниципальных районов проводится набор граждан, пребывающих в запасе ( офицеров, прапорщиков, солдат и сержантов, для формирования мобильных огневых групп (МОГ) ,заключения контракта на пребывание мобилизационном людском резерве для защити топливно- энергетического комплекса Астраханской области.**

**Возраст для заключения контракта:**
прапорщики, сержанты, солдаты - до 52 лет;
младшие офицеры - до 57 лет;
старшие офицеры - до 62 лет.

## ФИНАНСОВООЕ ОБЕСПЕЧЕНИЕ:

Денежное довольствие для граждан, заключивших контракт для комплектования МОГ, предусматривает от топливно –энергетического комплекса -175 тыс. рублей и 30тыс. рублей от Министерство обороны Российской Федерации

## НЕОБХОДИМЫЕ ДОКУМЕНТЫ:

Фотография 9х12 - 2 шт.;
3х4 - 2шт.;
автобиография;
анкета (заполняется в военкомате);
копия паспорта;
копия военного билета:
копия документа об образовании;
характеристика;
копия свидетельство о рождении;
копия свидетельство о заключении брака и рождении детей (при наличии);
ИННН;
банковские реквизити.

**Граждан, изъявивших желание заключить контракт на пребывание в мобилизационном людском резерве, для формирования мобильных огневых групп (МОГ) просим обращаться в ВК (Левашинского и Гергебильского МР РД) по адресу: с. Леваши ул. Ю. Акаева, 40.**

**Тел. 8 (87252) 21-5-88,**

# Баркала тохтурзабазе

*Дагьай церегIан къояз росулъ захIматго унтун дун ячана Хьаргаби централияб больницаялъул неврологиялъул отделениялде. Хехал тадбиралги гьарун, отделениялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас системаби лъун, уколал гьарун, дие кIудияб кумек гьабуна.*

*ДунгIадин унтун регун ругоан районалъул росабалъа цойгидалги. Отделениялда хIалтIулел медсестрабазул ва санитаркабазул цадахъ рекъон гьабулеб хIалтIи бихьараб мехалда дида рекIеде ккана гьале доб унго – унгояб, гъункараб хIалтIухъабазул коллективан.*

*Отделениялда хIалтIулел ругел киналго хIалтIухъабазе кьезе бокьун буго унтун регун рукIаразул рахъалдасан ракI – ракIалъулаб баркала, гьарула нужое киназего сахлъи, талихI, хIалтIулъ чIахIи – чахIиял бергьенлъаби.*

*Биччанте кидаго унтарал нужедаса рохун хутIизе.*

**Аминат**
**ГIаймакиб росу**

Учредитель: администрация муниципального района "Гергебильский район"
ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1951 СОНАЛЪ
БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Коммунизмаялъул нух», «Ахихьан»

Главный редактор - Ахмедов Б.М.
Телефон - 23-2-26
Адрес редакции и издателя:
Гергебильский район, с. Гергебиль.
ул. Наиба Идриса, 43

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД. Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 05-00281 от 19 февраля 2014 г.
Отпечатано в ООО «Дом печати» по адресу: г. Махачкала, ул. Акушинского 20А.
По вопросам качества печати обращаться в типографию.
*Заказ №________. Тираж 700 экз.*

**Газеталъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб.**
**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, цIаразул ва цогидалги баяназул жаваб кьола автораз.**
**Гьединал макъалаби газеталда рахъула гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.**
***«Кинавго чи разилъиледухъ асар хъван лъихъаниги бажаруларо».* Ж. Сервантес**

**Индекс 51350.**
**Цена свободная.**

Подписано в печать 19 февраля 2026 г.
Время подписания в печать
по графику – 21:00
фактически – 20:00